Ди студентхэм щхьэхуэныгъэу яхэлъхэм ящыщщ я цIыкIуцхъэм щегъэжьауэ лэжьыгъэм зэресэр. Илъэсихым щыщIэдзауэ курыт школ ныжьым щакъанэм щыхуигъаджэ Iэухуищ Iапlэм макIуэ. Унэм къэсыжа нэужь, а школитIми кьратахэр зэгъэщIэным йосэри, ди дежи зыщыщIрагъэхьну хэтхьым. Сэ сыстым дежи жаIо кIэлъыплъ щIэжу эзманри нэхъ кIыхь зэрыхьэр, нэхъыбэ кьызэрохьулIэр.

Иджыпсту псоми жаIэ социально и IыхьэныкъуэкIэ щIалэгъуалэм дэIэпыкъуныгъэ зэрыхьуэр. Ари кьасщIтэрэ сэ: езыхэращ егугъуи хуейр я щхьэр зэрыхахыным, гъузэу захуэр кьызэрагъуэтыным. ЩIэныгъэ зрагъэуэтмэ, лажьэмэ, щIэуэ кьежьэгъэ кьаГъэсэбэлмэ, гъащIэми тынчу лъэщIыхьэнущ. Сэ лекцэхэр щезгъэкIуэкIкIэ, гулъытэ хэха хузощI гъэсэныгъэми - зэман кьыхузогъанэ ныбжьыщIэм цIыху зэпIэзэрыт кьыхэкIыжьыным, лъэ бырыкIэ гъащIэм хэувным теуХуа псальэмакъым.

Дыщэм, мылъкум, лъапIэм зыдращэхьэхэм зэрыхуэмейр, атIэ щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ я Iэпэгъунэ, зэрыжьэкIыфIыр къазэрыгурыIуэным ижь ситщ. «ЩIакхъуэ Iыхьэм и закъуэхъым цIыхур зэрыпсэур»... «Рим зытекIуэдар и беягъырц»... Ар балигъэми сабиймэ зыщагъэгъупщэ хьэрунысым. Уэрихъуну мыгъэкIуэр къэбгъэшыфу, ар дахэу къэбгъэсэбэлыфу, жэныкьуэхэм удэзIэпыкьуфу щытын хуейуэ аращ.

Насыпыр зыхэлъыр

- Хэт сыт жиIэми, щIыуэпсым ешым и мардэхэр иIэжщ. Абы тету кьыхэзгъэщынщи, бзылъхугъэм дежкIэ насыпыр зыхэлъыр и унагъэращ, кьыщIэхъуэ щIэблэращ, - жиIэ Людмилэ. - Унагъэращ сэри ящэ изгъэщIыр. ЦIыхубзым унагъуэ иIэн хуейщ, абы кьыщымынэу, жьэгум и хуабэр зэтезыщIыгъэри, абы и лъабжьэр зыхьумэри аращ. Абы и кьарури, акъэпри хурикъунхъэщ унагъуэр фIэрафIэ, лъэщ щIыным, абы щыгъуэми унафэщIу щытынкIи езыракъым, атIэ унагъуэм ис нэхъыжьыщ. Толстой Лев жиIащ: «ЦIыхур щынасыпифIэр унагъуэкIэ щынасыпифIэм дежщ». Ар пэрэдж, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къэрал тельыджэ ущыпсэуми, уи унагъуэм уигу щымыпсэхуэмэ, насыпэ уIэнукъым. Унагъуэ къалэнхэм ущIалIэнкIэ Iэмал иIэжым. Уеблэмэ, ахэр зэфIэфIэкIэрэ махуэ-эшхуи зэхэпшэфу, укъыщIэкIрэ жьы къабзэкIэ убзуэфу, уи ныбжьыгъуэхэм уаIуIыщIэфу, уи гъунэгъуэхэм уащIэупщIэфу щытыпхъэщ. Псом нэхъыщхьэу къысщыхьэр лей жумыIэу, убзэIэфIу уи унэм исхэм уадзэгъэгурыкIуэн зэрыхуейщ.

Лъабжьэр быдэмэ, щхьэкIэр лъагэщ, - жиIэ адыгэ псальэжьым. Людмилэ лъабжьэр быдэ зэриштын акъыли зэфIэкIи зэрыбгъэдэлъым шэч хэлъкъым. Арагъэнщ абы и щхьэгъусэмрэ езымрэ яухуа унагъуэм щхьэкIэ дахэ кьыщIыпидзар. ЗэщIыхьуэ щхьэ зыпхъурэ я ныбжьыр я IэщIи, хъыджэбзыр унагъуэ ихьащ, КъБКъУ-м щрегъаджэ, щIалэри зригъэгъуэта Iэщ Iагъэм иролажьэ. Дунейм зэпущихьэпIэ псом гу лъымытэуэ уи ныбжьыр мэкIуатэ. Ауэ а ныбжьым кьыздихь фIым ущыгуфIыкIыфу щытыпхъэщ. Аращ Людмилэ зытетыр, и пхъурылъху хъыджэбз щыкIуитIым насыпифIэ ящI анэшхуэщ ар. КъэкIуэнум зэрыхуэхъупхэхэм ящыщщ и кьуэми унагъуэ иухуэнкIр.

- Насыпыр Iыхьэ-Iыхьэу зэрызэхэлъыр кьэплъытэмэ, унагъуэм и мызакъуэу, удэзыхьэх Iэщ Iагъэ упорытмэ, ущыгугъу щIыпIэр уигу дыкьэмэ, мамырыгъэм ухэпсэукIмэ, мис ар си дежкIэ насыпщ, - жиIэ Людмилэ.

Илъэсыщ1эм - хъуэпсапI1эщ1эхэр

- ЗэпIэзэрытыныгъэм мыхьэнэшхуэ иэот, - кьыддогушэ Людмилэ. - Гугър адэжь щIэинад, жаIэ. Фым дыщIэхэсхэпын хуейщи, мурадыщIэхэр дубзыхуаэу дытехьащ илъэсыщIэм. Си анэр илъэс 80-м нэблагъэми схуэзэнщащи, куэдрэ кьысщохьэщытыну, си дэлъхуитIым я Iуэху кIуатэу я къыскъуэтэну, си унагъуэм насыпи илъыну сыхуейщ. ЩIэныгъэ, егъэджэныгъэ Iуэхум гэрытхэм я пщIэр нэхъ лъагэ хъужыну, сыщIалажьэ институтым и Iуэху ефIакIуэну, ди республикэм нэхъыфI щымыIэу къысщохьэри, зиузэщI зэпыту екIуэкIыну си хъуэпсапIэщ.

Си дежкIэ цIыхум и кьулыкъурэ кьым мыхьэнэ зиIэр, хэлъ цIыхугъэращи, цIыхугъэ зиIэхэм дыкьэауэрэихьу, ди кьэралым и Iуэху дэкIыу, мыгъэгъэ куэд зи щхьэ къыкIэрэ сыкъэзыхэкIа адыгэ лъэпкым зиузэщIу Тхьэм дигъэлъагъу!

НЭщIэпIыджэ Замирэ.

Псэукlэ

Тхакlуэ Iыкъуэжь Неллирэ альпинист Мэз Каринэрэ.

АР СЫТ ПСЭУКIЭ, бгым удэкIэ укъэхьижу, удэкIэ укъэхьижу...

Апхуэдэ цIыхухэм щхьэкIэ, абы кьару, фIэщхъуныгъэ кьыпхъэбылъхьэ гуэр хэлъщ, жаIэ. Нэхъыбэ дыдэу а «хьэлэр» зыхэлъу кьалъытэр бгыр, тенджыщыр, уд гъэгъар, пхъэщхьэмыщхьэхэращ. Пэжыр жысIэнщи, Мэз Каринэ кьыщыщIыкIыжьыгъэ сэ гур усыгъэракъым кьызыхуигъэшар, атIэ си гупсысэкIэр лъагъуэщIэ тригъэувауэ аращ. Абы и щапхъэр схуэхъуауэ кьызэольытэ си гъащIэ гукъыдэжьым и щIэгъэкъуэн. Каринэ и цIыху щIыкIэм, и лIыгъэм хуэдэ зэрысхэмыльра хъунщ, сэ ар нэгъуэщI дуней щыщ гуэру кьысщегъэхъу, псэм и гуащIэм и мызакъуэу, кьарурыфIагъэр щытепщэ дуней сымыщIыху гуэрым сыхешэ. Зыри зыхэзмыщIыкI Iуэхугъуэмрэ сэрэ я зэпыщIапIэ хъуауэ кьызольытэ сэ Каринэ.

Сыт апхуэдизу ищIар Мэз Каринэ? Абы зэрихьа лIыгъэм, хахуагъэм ипэкIэ сыхуейт ар Эверест дэкIынущ, дэкIащ жаIэу щIэзэхэс хам сызэгупсысаХэм сыкьыдтеувыIэну. Iпэу, кьызгурыIуэркьым. Сыт зезыхуэр? Зы мыхьэнэ гуэр зиIэм и гъащIэр триуухуэм хъуркъ? ЦIыхум и кьэкIуэкIкIэ и кIуэдыжьыкIэщ жаIэ... ЕтIуанэу, хэт и мурадым кIэлъыкIуэми зыхуейр кьоХъуIэ жаIэ. Тхьэм узынщэу укьытхуихьыжкI Ещанэу, телъыджэщ, Каринэ, уэ пхузэфIэкIар...

Дунейм цIыхубзу тетыр лIэужьыгуэ ящIу егуэш: Юнонэ, Бенерэ, Миневрэ сымэ щIхьу. Юнонэ хуэдэ хэм унэгуащIэ хъууэ кьальытэ. Бенерэ ещхьхэм лъагъуныгъэгущэ хужаIэ, Миневрэ ещхьхэр «зыкъызэгъэщIыж» хьэл зыхэлъхэращ. Адыгэ нарт щIалэ ящIыжьым кьэIебэжьмэ, дэ зи гуГу тщIыхэр Мэлычыпхъу, Сэтэней, Лашын сымэ я образхэращ. Мэз Каринэ и цIыху щIыкIэр, шэч хэмылъу, зэщхьыр Iапхъуэ щIащ, Амэзонкъэхэм (нэрыбгей) я хьэлу кьыщтам и гугъу умыщIыкIэ.

Иужьрей зэманми нэхъ психолог, философ лъэрыхь дыдэу кьаГыпэ Антонио Менегетти зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхубзхэм: «Си ужь кьиуви, лъагаIэ Iэнсынщ», - кьыжиаIэ. Ауэ альпинист щэрыпуэ Кракауэр Джон «Хьэуа мыуэздэ» зыфIища и тхыгъым кьыщиIэта гупсысэм тепщIыхьмэ: «Джомолунгмэ удэкIынри, и хъуэпсапIэр акъыым тебгъэкIуэнри зыщ».

БгIыхэрэ абыйэ я псэр зы чысэм ильщ, зэакьылэгъущ зыхужаIа Рерих Николай и сурэ «Гималаи», «Тибет» жыхуиIэхэр уи нэгу кьыщIохьэ Каринэ зыдэкIа бгым ушеупгусыскIэ. Абы Каринэ кьыхужиIами ялейщ:

«Узыдэкl бгым и хьэл кьэпщтэнщ, гугъуехьым уипсычыхьынщ, - и псаГъхэр.

Хьэрымэ (космосымэ) нэсыху гъысэу дэкIуэм Мэз Каринэ и гъэзугъанэ тхыгъэхэм ящыщ пычыгъуэ си гуапэу фи пащхьэ кьыдолъхьэ:

«...ЩIыIэр градус 40-м щIигъут. ЦIыху щIитIыр дызыфIэщIа кIапсэр псыгъуэм и закъуэтэкъым, атIэ лаIэлуэу фIэлъти, ди Iуэхур абы нэхъри нэхъ щынагъуэ ящIт. УджэлэнкIи уцIантхъуэнкIи Iэмал зимыIэ Iуэхуэ, е уи Iэпкъэгъэнкъым щыщ гуэр пхункъутэну, е километрищрэ ныкьуэкIэ укьеухуэхьнут, Альпинистхэм я нэ хъыбэр кьигъэуIэIэбжьт Эверест и дэкIыгъуэ гъэуэгъэм хьэдэу телъыт. Абыхэм кьыбжаIэ хуэдэт: «Адэкlэ фыкIуэмэ кьыфIэпIэлъэр iэныгъэщ». Нэхъыщхьэр а тхъэмыщIкIэм я щхьэ я кьрикIуар уи щхьэ хуымыхьынрат... Эверест укьемыхьыхьынкIэ зэрыхъунур ищIэуэщ уэрыдэкIыр. Дунейм бгы тетыху, абы цIыху пъэкъуампIэ телъынущ. Гугъэ зимыIэ щыIэкъым псэууэ къэжIуэжьну, псори щIохьэупсыр кьагъэхъэжьну, ауэ зыгуэркIэ абы укьимыуIыпщыжмэ, ари и лэжьыгъэр зыхуэхэпIауэ щытар Iуащхьэмахуэ льапIэ и цIэр кьэIэтыжьнырщ: «Сэ мыбы илъэс Iэджэ хьэдэрэ сыкъокIуэ икIи Iуащхьэмахуэ льапIэ си унэм хуэдэу кьыхьолъытэ. Ди ар мурадщ мы щынальэм икъуэкIэ фIыуэ зышIыгъэпсэху зэрыхъунур цIыхухэм едгъэлъагъуну икIи дяпэкIи мыпхуэдэ фестивалэр кьыхэдгъэпэщыну».

ТАРИМ Алисэ,

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-секретарь.

Дунеижь хьэхум укъегъапцIэ

Илъэсыщ1эм деж тхакIуэхэм я гухэлъ къраГъэIуатэу хабзэу къокIуэкIри, фIы жысIэну си нэр къокI, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэр къысIэшIомащIэ. ПлъапIэр, мурадыр, гугъэр куэдщ, абы кърикIуэн хуей фIыр, къызэрытлъэIсыр мащIэуэ.



КъАлэмыР зыIыщIэлъхэм я гугъу пщIымэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхакlуэхэм я союзыр къэралым щыIэхь инхэм ящыщ зыщ, ауэ зы пщIэрэ зы щхьэрэ иIэу, узытепсэлъыхьыкIи лэжьыгъэ гуэр зэфIигъэкIыу щыткъым. Къэралым щекIуэкI гъащIэм сыт щыгъуэ жыджэру хэту щыта тхакIуэкIрелей хъуащ. И жьэм хъкIуэрэкъым апхуэдэу жыпIэну, ауэ пэжым нэр ирещIри, дэнэ ykIуэм, нобэ тхакIуэми абы и Iэдакъэщ Iэкlми хуеижьр мащIэщ. Езы къэрал дыдэр хунэсыжьыркъым тхакIуэм и Iуэху зрихуэну. Урыс лъэпкъыщхьэм, ревеллюцием ипэкIэ тхыгъэ зиIэхэми ар апхуэдэу хьэлъэу зыхамышIэнкIи мэхъу, ауэ дэ тхуэдэ пэпкъ мащIэхэм я дежкIэ ар удын инщ.

«Партэм сыдэсу тхэн щIэздзащ» жызыIэхэм сэ захъэбжэфынукъым, абы щхьэкIи си щхьэм мыгъуэгъэ хуэсхьыжьркъым. Илъэс 35-рэ сыкъуэуэу си япэ тхыльыр кьыдэкIуэу арати, ар зэран кьыслухэхъуакъым си IэдакъэщIэжыкIу тхыльэ 30-м нэблагъэ дунейм кьытезгъэхьэныжьмкIэ. Си пьеситIым кьыгращIыкIа спектаклхэр ди театрми щагъэувау щытащ.

Тхакlуэхэм ди Iуэху гугъу щыхьэ мы нужьрей илъэсхэм си мыпкъуикIэ кьыдзэгъэкIыжащ «Щихуэхэр иджыри мэкI» тхыльым иещанэ Iыхьэр, ар урысыбзэкIэ зэрезгъэдзэкIыжыр дунейм кьытезгъэхьащ.

Ди тхакIуэ лажьэр куэдкъэхэм яграГъэблагъэрэ я тхыгъэхэм, я гуащIэм тепсэлъыхьу зэрыщыытари щыIэкъкъэхэм, урикъэIэмэ зэзмышъхэхэщ. Сэ зыми и фIыщIэ згъэкIуэдыну сыхуейкъым, стеуху пшыхь Кэнжэ дэт курыт еджапIэмрэ Налшык и школ № 13-мрэ щрагъэджащ. Зы щытащ, си ныбжьыр илъэс 80 зэрыкIуэр Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым Iэтауэ щысхуагъэлъэпIащ. Шэч хьэкIэм апхуэдэ зэIуIуэхэм тхакIуэм и гукъыдэжьр кьызэриIэтым, ар лэжьыгъэм зэрытригъэгушхуэм.

Си гуапэ дыдэ хьуауэ щытащ Уралым щыпсэу урыс хьыджэбзыр. Налшык кьащтхуар, «Щихуэр иджыри мэкI» романым и ещанэ тхыгъым кьыщIэтхэIуу зыбжанэрэ си дежи кьызэрыпсэлъащ. КъыдэкIа нужьрей хуезгъэжьати, Налшык дэс и адэр кьигъакIуэри япэ тхыльитIри сихащ, и пхъум хуригъэхьыну.

Сыт хуэдизрэ упсэуми, зыщымыгъэнщIу Iэфlщ гъащIэр. Дудар Iалий жаIэри адыгэ лIыжь телъыджэ сцIыхуу щытащ сэ. Ар илъэсыщ 111-кIэ псэуащ. Дызэгъуэ ящIыжьмэ, гъэм удэкIэ укъэхьижу, удэкIэ укъэхьижу...

Апхуэдэ цIыхухэм щхьэкIэ, абы кьару, фIэщхъуныгъэ кьыпхъэбылъхьэ гуэр хэлъщ, жаIэ. Нэхъыбэ дыдэу а «хьэлэр» зыхэлъу кьалъытэр бгыр, тенджыщыр, уд гъэгъар, пхъэщхьэмыщхьэхэращ. Пэжыр жысIэнщи, Мэз Каринэ кьыщыщIыкIыжьыгъэ сэ гур усыгъэракъым кьызыхуигъэшар, атIэ си гупсысэкIэр лъагъуэщIэ тригъэувауэ аращ. Абы и щапхъэр схуэхъуауэ кьызольытэ си гъащIэ гукъыдэжьым и щIэгъэкъуэн. Каринэ и цIыху щIыкIэм, и лIыгъэм хуэдэ зэрысхэмыльра хъунщ, сэ ар нэгъуэщI дуней щыщ гуэру кьысщегъэхъу, псэм и гуащIэм и мызакъуэу, кьарурыфIагъэр щытепщэ дуней сымыщIыху гуэрым сыхешэ. Зыри зыхэзмыщIыкI Iуэхугъуэмрэ сэрэ я зэпыщIапIэ хъуауэ кьызольытэ сэ Каринэ.

Сыт апхуэдизу ищIар Мэз Каринэ? Абы зэрихьа лIыгъэм, хахуагъэм ипэкIэ сыхуейт ар Эверест дэкIынущ, дэкIащ жаIэу щIэзэхэс хам сызэгупсысаХэм сыкьыдтеувыIэну. Iпэу, кьызгурыIуэркьым. Сыт зезыхуэр? Зы мыхьэнэ гуэр зиIэм и гъащIэр триуухуэм хъуркъ? ЦIыхум и кьэкIуэкIкIэ и кIуэдыжьыкIэщ жаIэ... ЕтIуанэу, хэт и мурадым кIэлъыкIуэми зыхуейр кьоХъуIэ жаIэ. Тхьэм узынщэу укьытхуихьыжкI Ещанэу, телъыджэщ, Каринэ, уэ пхузэфIэкIар...

Дунейм цIыхубзу тетыр лIэужьыгуэщ егуэш: Юнонэ, Бенерэ, Миневрэ сымэ щIхьу. Юнонэ хуэдэ хэм унэгуащIэ хъууэ кьальытэ. Бенерэ ещхьхэм лъагъуныгъэгущэ хужаIэ, Миневрэ ещхьхэр «зыкъызэгъэщIыж» хьэл зыхэлъхэращ. Адыгэ нарт щIалэ ящIыжьым кьэIебэжьмэ, дэ зи гуГу тщIыхэр Мэлычыпхъу, Сэтэней, Лашын сымэ я образхэращ. Мэз Каринэ и цIыху щIыкIэр, шэч хэмылъу, зэщхьыр Iапхъуэ щIащ, Амэзонкъэхэм (нэрыбгей) я хьэлу кьыщтам и гугъу умыщIыкIэ.

Иужьрей зэманми нэхъ психолог, философ лъэрыхь дыдэу кьаГыпэ Антонио Менегетти зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхубзхэм: «Си ужь кьиуви, лъагаIэ Iэнсынщ», - кьыжиаIэ. Ауэ альпинист щэрыпуэ Кракауэр Джон «Хьэуа мыуэздэ» зыфIища и тхыгъым кьыщиIэта гупсысэм тепщIыхьмэ: «Джомолунгмэ удэкIынри, и хъуэпсапIэр акъыым тебгъэкIуэнри зыщ».

БгIыхэрэ абыйэ я псэр зы чысэм ильщ, зэакьылэгъущ зыхужаIа Рерих Николай и сурэ «Гималаи», «Тибет» жыхуиIэхэр уи нэгу кьыщIохьэ Каринэ зыдэкIа бгым ушеупгусыскIэ. Абы Каринэ кьыхужиIами ялейщ:

«Узыдэкl бгым и хьэл кьэпщтэнщ, гугъуехьым уипсычыхьынщ, - и псаГъхэр.

Хьэрымэ (космосымэ) нэсыху гъысэу дэкIуэм Мэз Каринэ и гъэзугъанэ тхыгъэхэм ящыщ пычыгъуэ си гуапэу фи пащхьэ кьыдолъхьэ:

«...ЩIыIэр градус 40-м щIигъут. ЦIыху щIитIыр дызыфIэщIа кIапсэр псыгъуэм и закъуэтэкъым, атIэ лаIэлуэу фIэлъти, ди Iуэхур абы нэхъри нэхъ щынагъуэ ящIт. УджэлэнкIи уцIантхъуэнкIи Iэмал зимыIэ Iуэхуэ, е уи Iэпкъэгъэнкъым щыщ гуэр пхункъутэну, е километрищрэ ныкьуэкIэ укьеухуэхьнут, Альпинистхэм я нэ хъыбэр кьигъэуIэIэбжьт Эверест и дэкIыгъуэ гъэуэгъэм хьэдэу телъыт. Абыхэм кьыбжаIэ хуэдэт: «Адэкlэ фыкIуэмэ кьыфIэпIэлъэр iэныгъэщ». Нэхъыщхьэр а тхъэмыщIкIэм я щхьэ я кьрикIуар уи щхьэ хуымыхьынрат... Эверест укьемыхьыхьынкIэ зэрыхъунур ищIэуэщ уэрыдэкIыр. Дунейм бгы тетыху, абы цIыху пъэкъуампIэ телъынущ. Гугъэ зимыIэ щыIэкъым псэууэ къэжIуэжьну, псори щIохьэупсыр къагъэхъэжьну, ауэ зыгуэркIэ абы укьимыуIыпщыжмэ, ари и лэжьыгъэр зыхуэхэпIауэ щытар Iуащхьэмахуэ льапIэ и цIэр кьэIэтыжьнырщ: «Сэ мыбы илъэс Iэджэ хьэдэрэ сыкъокIуэ икIи Iуащхьэмахуэ льапIэ си унэм хуэдэу кьыхьолъытэ. Ди ар мурадщ мы щынальэм икъуэкIэ фIыуэ зышIыгъэпсэху зэрыхъунур цIыхухэм едгъэлъагъуну икIи дяпэкIи мыпхуэдэ фестивалэр кьыхэдгъэпэщыну».

ТАРИМ Алисэ,

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-секретарь.

Апхуэдэщ Хъущт Аслъэнбэч

Ърч куейм хыхьэ Белоглинкэ кьуажэм 1980 гъэм кьыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс щыщIыгуI щыхъуэ щыщIэдзауэ алыдж-гуэр бэнэкIэм Битоккэ Юрэ хуэгъэсэн щIидзащ. НужькIэ Къардэн Анзоррэ Гамэнн Мизаилрэ абы и Iэзагъым икъуэкIэ зрагъэжьащ. Дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ. Пекин щекIуэкIа Олимп Джэгухэм (2008 гъэм) ящыгъуэм 96-рэ зи хьэпагъхэм я зэхьэзэхуэм щыщ медалыр къыщихьащ, и хьэрхуэрэгъуэхэм ящыщхьащ, и хьэрхуэрэгъуэхэм зы балли яримыту. А гъэ дыдэм Дунейпсо Кубокыр зыIэригъэхьащ, Европэм и чемпион хъуащ. Франджым, Польшэм, Румынием, Финляндиемрэ щекIуэкIа зэпеуэшхуэхэм бжьыпIэр щыубыдащ. 2009 гъэм Хъущтым Дунейпсо Кубокыр еIуанэу кьыхащ, Европэ чемпионатым - дыщэ, дунейпсо чемпионатым дыжьын щыIэпIэригъэхьащ. Апхуэдэ дыдэ екъуIэныгъэхэр нэгъабэ иIащ. Мы гъэм Аслъэнбэч Урысей чемпионатым, Поддубный Иван и гран-при зэхьэзэхуэм жэз медалхэр кьыщихьащ.

Хъущт Аслъэнбэч Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ академиер кьиуащ.

КЪЭМБЭЧОКIУЭ Данэ.

Европэм тIэунейрэ щIыпашэ Урыш Анзор

2011 гъэм гъатхэпэм и 29-м щыщIэдзауэ мэлыжьыхьым и 3 пщIондэ Германием и Дортмунд кьалэм щекIуэкIа Европэм и чемпионатым бэнэкIэ хуитымкIэ зэпеуэм дыщэ медалыр кьыщихьащ ди лъахэгъу Урыш Анзор. Килограмм 84-м нэс и зи хьэпагъхэм я деж щыбзэна адыгэ щалэм Европэм и чемпион цIэр нэмыц щIынальэм ехъуIэныгъэкIэ щихьумащ. Финалым нэсыхькIэ абы и хьэрхуэрэгъуэм зы балли яритакъым. ПэщIэдзэ зэIущIэм Урышым щыхигъэщащ Ирландием кьикIа Долли Алекс. АдэкIэ финалым и Iыхьэ пIанэм абы зы Iэмали иратакъым поляк Балавендер Мацей.

Анзор и медалхэм адэкIи кьыхигъэхъащ. Урысей чемпионатым - дыжьын, Ярыгин Иван и гран-при зэхьэзэхуэм дыщэ медалхэр кьыщихьащ. 2010 гъэми апхуэдэ дыдэ льагапIэхэр зыIэригъэхьауэ дызэрыгъэхьауэ щIалэм зы дыщэ медаль, дыжьыну 2, жэзу зы кьихьащ.

Республикэм и бэнакIуэхэм дуней псом, Европэм и утыкуэхэм ехъуIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэ. Абыхэм ящыщщ льагапIэщIэм сыт щыгъуи хуэпабгъэ, ерыщу зызыужь Урыш Анзор.

Иджыблагъэ кьэралым и щыхэзрым щекIуэкIаи бэнэкIэ хуитымкIэ Европэм и Кубок - «Мэзкуу и вагъуэхэр-2011» зэхьэзэхуэ. Урысейм и командэ кьыхэхам хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ Урыш Анзор а зэпеуэм льэщу зыкъыщигъэльэгъуащ. КIэух зэIущIэм и хьэрхуэрэгъуэ щыта Темрезов Наурэз хигащIэрэ, и командэр фIыуэ ящыщ гъэнейрэ Европэм и чемпион ди лъахэгъэр.

Афэрым, Анзор! ДяпэкIи екъуIэныгъэщIэхэр уиIэну, дунейпсо утыкум дыщэ медаль кьыщыпхьыну дыпохьэхьу.

Зыгъэхьэзырар

УАРДЭ Жантинэщ.

Псом нэхърэ нэхъ лъэщ Махуэ Билал

БэнакIэ хуитымкIэ Махуэ Билал кьыщыпхьащи дуней псом теткъым. Ар псалъэ кьудейкъым. Абы и щыхьэтщ бэнакIэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм (килограмми 120-м щIигъуэм) я зэпеуэм 2007, 2009, 2010 гъэхэм щытекIуэу ар щэнейрэ дунейпсо чемпион зэрыхъуар. Псом хуэмыдэу гукъынэжьт икIи дзэжьэгъуэ ин кьыщыпхьэкIуащ ищхьэрей екъуIэныгъэ - финалым абы щыхигъэщIащ 2004, 2008 гъэ хэм я Олимп чемпион, 2000 гъэм Олимп Джэгухэм дыжьын медаль кьыщыщIыхьа, дуней псом тIунейрэ и чемпион Узбекистаным и лIыкIуэ Таймазов Артур. Абы кьыхэкIыу, Махуэ Билал Урысей Федерацэм и спортсмен нэхъыфIу 2010 гъэм и фокIадэ маздэм кьатыратащ.

НэхъапэжкIэ Махуэр дунейпсо чемпион ныбжьыщIэхэм я деж 2005, 2006 гъэхэм щыхъуащ. Балигъхэм я зэхьэзэхуэм Европэмрэ кьэралымрэ мызэ-мытIыу щытекIащ.

2011 гъэм и фокIадэ маздэм Истамбул (Тыркуи) щекIуэкIащ дунейпсо чемпионат. Щэнейрэ дунейпсо чемпион Махуэ Билал монгол Джаргалсайхан Чулунбат, Армением и спортсмен Басиев Руслан, альдж Арзуманидис Ионнис, къыкIэлъыкIуэу Азербайджаным и бэнакIуэ Магомедов Джамаледдин сымэ ядгирэщкIэкIа зэIущIэхэм щытекIуащ. КIэух зэхьэзэхуэм Белоруссием и щIыхьыр зыхъуэмэ Шемаров Алексей къефIэкIри, ди лъахэгъум дыжьын медалыр кьыпIысащ. Абы и фIыгъэкIэ Махуэ Билал Урысейм Олимп лицензэр кьыхуихьащ.

2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимп Джэгухэм хэтыну Билал хуэзфIэкIакъым. И щхьэусыгъуэр абы и пэ кьэкIуэ зэхьэзэхуэм Красноярск щыхэту щIхьэхъ кьыхэзырахьэлIарщ. И узыншагъэр зэфIэувэжа и ужькIэ дунейпсо, Европэ, кьэралым чемпионатхэм щытекIуащ. Олимпиадэм ерыщу зыхуеГъэхьэзыр.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Ныбжьыщ1эхэм я Олимп Джэгухэм щытекIуа Кучинэ Марие

Кучинэ Марие куэдкIэ дызыщыгуГъ спортсменкэщ. Фочу къэдгъэкIыжьынщи, 2010 гъэм ар Европэм и командэ кьыхэхам хэту Сингапурым щекIуэкIа, ныбжьыщIэхэм я япэ Олимп Джэгухэм щытекIуащ. КъыкIэлъыкIуэу, щIымахуэ кIуам, балигъхэм я зэхьэзэхуэм жыджэру хэтащ.

2011 гъэм бадзэуэ-гъуэм Таллинн щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм атлетикэ псынщIэмкIэ я европей чемпионат. Абы дыщэ медалыр кьыщихьащ Прохладнэ дэт СДЮСШОР-м и гурэ-эмэ Кучинэ Марие. Ди лъахэгъум льагэу дэлъеинымкIэ къыпхэлъэщын зэпеуэм эхтакъым. Абы и хьэрхуэрэгъуэхэм зы гугъэ кьыхигъэхьащ мащIэу 1,95-р къэзыщтэфар.

Иужьрей илъэс 22-м ныбжьыщIэхэм ящыщу дэлъеинымкIэ Кучинэ Марие нэхърэ нэхъ льагагъ ин кьэзыщта щыIэкъым. А спорт лIэужьыгуэр къызэрежьэрэ ныбжьыщIэхэм я дежи дуней псом щынэхъыфIэхэм ящыщщ. Урысейм, КъБР-м я командэ кьыхэхахэм эт Кучинэ Марие и зэфIэкIым и мызакъуэу, и ныбжькIи ягъэ. И узыншагъэр зэфIэувэжа и ужькIэ дунейпсо, Европэ, кьэралым чемпионатхэм щытекIуащ. Олимпиадэм ерыщу зыхуеГъэхьэзыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Илъэс къэс «Тажышхуэр» къзэыхь Джэданэ Алим

СпортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Европэ чемпионатым (2008 гъэ) жэз медаль кьыщIэзыхьа, 2009, 2010 гъэхэм Бразилием, 2011 гъэм Мэзкуу щекIуэкIа «Тажышхуэ» зэхьэзэхуэм щытекIуа, Урысейм и чемпион Джэданэ Алим и екъуIэныгъэхэм кьахэхъуащ. Дыгъэгъазэм Китаим и Циндао кьалэм дзюдомкIэ гран-при зэхьэзэхуэм пашэныгъэр кьыщихьащ. Килограм 66-рэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● ГушыІэ

Пэгун ныкъуэ

Жэм кьищэжу-ищэжурэ абы ирисондэджэрыІ фЫщІэ. Бззэр къэс нэху мыщу кьыт ехутэрт ар. «Дэ зы бэлыхьи кьытхуэщэхункъым нобэ, ауэ нэгъэущІ мыхьуми, тумэн зыгІыІуи къыІсхуэгъэкІыН хуэдэу, моуэ зы щэ пэгун ныкъуэ хуэдэ кьыщІэкІыу жэм єс кьытІэрыхьатэмэ, хъунт», - арат зэгупсысыр фЫщІэ ноби.

Зыгуэрми кьыбГъэдэмыбывІэу ешыхуу кьикІухьа нужь, фЫщІэ гу льитащ Дизыкъуажэ иныгь жэм гъуабжэ щІыкІум. Абы бгъэдыхьэри еупщІащ:

- Пщэрэ, ныбжьэгъу?

- Сощэ.

ФЫщІэ жэмыр кьиызэпилпъыхьащ, и ныбжьри, и уасэри, дапщэрэ лъхуами зригъэщІащ. Кьэнэжар зыт: шэуэ кьыщІэкІыр зыхуэдизым щІэупщІатэкъым.

- Сыт хуэдиз кьыщІэкІэ зэ шыгъуэм, - зыхуигъэзащ абы жэмыр зыІыгъым.

- Пэгун ныкъуэ, - кІэщІу пигъэщащ Дизыкъуажэ, фЫщІэ и хъыбар зэ хихат, абы и гурагъэр ищІэрти.

- Пэжу кьыщІэкІра?

- АтІэ щІыуэ шэ кьызыщІэкІ щыІэ?! Уи фІэщ мыхъуэ, си унэр бжесІэнщи, ущыхуэй дыдэм жэмыр ныскъэшэж, - жиІэри и унэцІэр, и цІэр, и унэр зыхуэзэ щІыпІэр щэхуакІуэм кьыхуригъэкІуэкІащ.

ФЫщІэ зыри пидзыжакъым. Абы и Іуэжу кьикІат: зыхуей дыдэм хуэдэ жэм кьыІэрыхьат, и уасэу щІитри лъапІэтэкъым. ЛІитІыр зэгурыІуэщ, зым кІапсэ кІапэр иубыдащ, адрейм ахъшэр и гуфІакІэм дилъхьэри, щхьэж и гъэзэгу теувэжащ...

Зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкІыу, нэрылъагъу хъуащ фЫщІэ фейдэ кьиудыпІэу зыщыгугъ жэм цІыкІум и шхэкІэмрэ и шэ кьэтыкІэмрэ щхурэ пЫэрэ зэраззэхуакъуэ...

Жэм цІыкІур мазэ нэскІэ егупгъэу игъэшхащ, ауэ сыт имыщІами, абы шэуэ кьыщІэкІыр зы шынакъым хущІегъэгъуакъым.

Щымыхьужым, фЫщІэ жэм цІыкІур зейм деж ишэжащ.

- Сыту Іейуэ сыкъэбгъэпщІа, ныбжьэгъу, - зыхуигъэзащ абы Дизыкъуажэ.

- СлІо уэсщІар?

- Шэ кьыщІэкІырыкъым жэм кьыІэпщам!

- Уэлэхьи, кьыщІокІым!

- Уэлэхьи, кьыщІэмыкІ!

- Дапщэ кьыщІэкІыу бжесІат?

- Пэгун ныкъуэ кьыщІокІ жьпІат, ауэ Іейуэ сыкъэбгъэпщІащ.

- НтІэ, зыри кьыщІэкІыркъэ?

- КьыщІокІ зы шынакъ хъун...

- АтІэ кІуэжи а шынакъыр пигун ирегъакІи епльыт. Ар пэгун ныкъуэ мыхъуу, пэгун из хъумэ, тхьэр зыгъэпщІар сэращІ - жиІэри Дизыкъуажэ унэмкІэ иунэтІыжащ.

ФЫщІэ сыт жиІэнт? КъыдигъэзыкІри кьыдэжкІыжащ. Дизыкъуажэ жиІэр пэжт: дауи, шэ шынакъыр пэгун ныкъуэ мыхъуу, пэгун из хъунтэкъым. ФЫщІэмэ жэмкІэ сондэдэжрыныр абдежым щыпичауэ жаІэ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ДжэдыкІэвынш

Шыгъу тІэкІу зыхэдза псы кьэкъуалъэм джэдыкІэр хакъэгъуэри, хуэсакъыуэ чымчыркІэ зэлащІэ. Ярбавэ дакьикьи 10 - 11-кІэ, псыр ину кьэмыкъуэлъащэу. ЧымчыркІэ кьыхахьжри, псы зэкъуэлъа щІыІэ дагъэжэхьж. Ар зэрыуцІыІуу, псыгъуэ цІыдУуэр сэлІэ ящІащэ, тепщэчым иралъхьэри бжьыныху шыпс щІыІэ тракІэж. Апхуэдэу ягъэва джэдыкІэм мэ гурымыхь кьыхихыркъым, джэдыкІафэр зытелъу ягъэвам хуэдэу.

Шыпсыр зэращІыр бжьныху хуэбзар цІыкІу-цІыкІуурэ, хуэсакъыуэ чымчыркІэ зэлащІэ. Ягъавэ дакьикьи 10 - 11-кІэ, псыр ину кьэмыкъуэлъащэу. ЧымчыркІэ кьыхахьжри, псы кьэкъуэлъа щІыІэ дагъэжэхьж. Ар зэрыуцІыІуу, псыгъуэ цІыдУуэр сэлІэ ящІащэ, тепщэчым иралъхьэри бжьныху шыпс щІыІэ тракІэж. Апхуэдэу ягъэва джэдыкІэм мэ гурымыхь кьыхихыркъым, джэдыкІафэр зытелъу ягъэвам хуэдэу.

Шыпсыр зэращІыр бжьныху хуэбзар цІыкІу-цІыкІуурэ, хуэсакъыуэ ялъпщІэ, убалъэм иралъхьэ, шыгъу халъхьри яущэб. Бжьныхьу хуэбзар хьэкъущІыкъу мыулъиИм иралъхьэ, шху, шатэ хакІэ, щыбжий сыр ущэбэ хадэзри псори фІыуэ зэлащІэж. Іэнэм тепщэч цІыкІуКІэ трагъэувэ. Дашх пІастэ, щІакхьуэ, хьэлІамэ.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): джэдыкІэу - 2, шхуэу - г 15, шатэу - г 20, бжьныху укъэбзауэ - г 10, шыгъуу, шыб жийуэ - узыхуейм хуэдизу.

Тхъурэ форэ зэхэгъэшІысхьауэ

Мы шхыныгъуэ-хущхьуэгъуэр хуабжьу сэбэпышхуэ яхуохьу зи тхьэмщІыгъ, шхалъэ у зхэм, зи давленэр ехуэхаХэм, зи бгъэм щІыІэ зыхьхаХэм, Іупс бзаджэ зиІэхэм. Фом хальхьэр тхъу гъэвжагъащІэщ.

Тхъур кІэструлым иралъхьэ, хьэкум трагъэувэри ягъэткІу. ЗэлащІэурэ абы фо хакІэри фІыуэ зэхагъэзэрыхь. Кьыграхьжа нэужь, абдж е кхъущІым шынакъым иракІэри, и щхьэр тепІауэ щІыІапІэ-кІыфІыпІэм ягъэув. ЗэмыкІуэкІыу куэдрэ щІытщ. Щашхынум и деж зыхуейм хуэдиз кьыщхьащэри ягъэхуэбжэж. Мырамысэ хуабэм и кум ильу яшх е шэ гъэщтам традзэри шхэн и пэ кьихуэу ираф.

Халъхьэхэр: фоуэ - г 1000, тхъу гъэвжагъащІэу - г 1000.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьитхыжащ.

● Тхыгъэ кІэщІхэр

Гуэдз хьэдэзмрэ щхьэл мывэмрэ

ГУЭДЗ хьэдзэр яхьэжыну щхьэлым яхьат. «Умыгузавэ, хьэдзэ фІыкІу, хьэжыгъэ хужьыбзэ, щабабзэ усщІынщ», - жиІащ щхьэл мывэм, гуэдз хьэдзэм игу фІы хуищІын и мураду. «АракІ сэ сыщІэшынэр!» - жиІащ гуэдз хьэдзэм.

«Уадыгакъэ!»

НЭГЪУЭЩІ лъэпкъэм я тхылъ щІэздзкІыу, я хабзэхэр, я тхыдэр зэзгъащІэу сыкъилъагъуэмэ, си цІыкІугъэ гуэрым и фІэщу кьызжиІэрт; «Уа, сыт а псоми ущІелІалІэр? Уадыгэкъэ уэ, зиунагъуэрэ?! Еджэ адыгэ тхылъ, зэгъащІэ ди тхыдэр. Дэ ди Іэкъэ литературэ, культурэ?! Сыт нэгъуэщІхэм яйхэр зэрыпщІыкІыгур?»

Абы зиІылъэгъкІрт хуабжьу захуэу. КъыфІэщІырт сэ нэхърэ езыр нэхъ адыгэлІу.

Зэгуэрым, сыкъытречри, абы жызоІэ: «Адыгэ тхылъ сыкъоджэ, ди тхыдэми сыщыгъуазэщ, ди хабзэми мыІейуэ хэсщІыкІыу си гугъащ, ауэ абы кьыдэкІуэу адрей лъэпкъхэм яйхэми запыІуэздзыркъым, сыхуейщ ахэри сщІэну. Нэхъыбэ сщІэху - нэхъыбэкІэ сэбэп сыхуэхъуфынущ си лъэпкъым. АтІэ уэ кьыхэженІэр зэщхьыр пщІэрэ? «Уэгум вагъуэр из пэтми, зы вагъуэ закъуэ фІэкІ, адрейхэм уемыпльэ, - жыпІэ хуэдэщ. ЗыІуегъэх! СыхуалІэ уэ пхуэдэ адыгэ!»

Бжэн епха

ХЭТ зымылъэгъуар бжэн, и пщэм кІапсэ кІыхь илърэ щІым бдзэу хэуэкІа пкъо цІыкІум абыкІэ епхужауэ хъуакІуэу?! А бжэнрэ хуитщ сыт ищІэнуми, дэнэкІэ зигъэзэнуми, дэнэкІэ кІуэнуми - зыми зыри кьыпиубыдынукъым, зыми кьыжриІэнукъым «абыкІэ умыкІуэ» жиІэу. Щхьэхуитщ. Ауэ, Іуэхуракъэ, абы и хуитныгъэр здынэсыр бжэныр пкъо цІыкІум зэрепха кІапсэм и кІыхьагъыщ...

Ажэгъафэ

АЖЭГЪАФЭ зэрытлъагъуу, нэщхьыфІэ дэсу, ауанышхуэ, гушыІэ дахэ хэлъу абы зэрызищІым дродыхьэщх. ЕмыкІу гуэрхэр дигъэлъагъуу щыеІуэщІэм дежи кьытфІэІуэхукъым: ажэгъафэр - ажэгъафэщ, и кьалэныр егъэзащІэ, жыдоІэри псори худогъэгъу, уеблэмэ абы и зыщІыкІэ куэдым, кьыдиутІыпщ ауанэхэм гу лъыдмытэхэ хуэдэу зыдощІ: дыхуейкьым абыхэм дегупсысыну, нэхъ кьыдощтэ дыдыхьэщхэмэ. Дигу кьэкІыххэрэкьым е къэдгъкІыну дыхуейкьым ажэгъафэм дигъэлъагъу псори дэ езыхэм ди псэукІэм зэрыхэлъар, абы зызыпищІыжыр, ауан ищІыр дызыщигъэдыхьэщхыр дэ езыхэр арауэ зэрыщытыр...

Дэтхэнэр нэхъыфІ?

ЗЭГЪУНЭГЪУ фызитІ зэдаурт: бжьныныр нэхъыфІщ жиІэрт зым, адрейм тхьэ иІуэрт бжьныхур нэхъыфІу. Апхуэдэу, бжьхыр я зэхуакуу, а тІур зэдауэу здэщытым, нэгъуэщІ фыз гуэр блэкІырти, абы жраІащ щІыззадауэр икІи елъэІуащ захуэр дэтхэнэрами къажриІэну.

Фызыр щыгуфІыкІащ, сыту фыделэ фэ тІур, жыхуиІэу. АрщхьэкІэ яжриІар нэгъуэщІщ: «ТІури фызахуэщ. ЗэрыщІын хуейр мыращ: бжьыр зыхуейм - бжьын, бжьыныху зыхуейм - бжьыныху хэфлъхьи зэфІэкІащ».

Сэ, мы хъыбарым сигу къиГъэкІыжащ усакІуэ щІэрыІуитІ зэрагъапщэрэ дэтхэнэр нэхъыфІ жаІэу екьсыхькІэ щІэздзауэ кІэзэрыхъур...

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Фэ фщІэрэ?

КъэкІыгъэцІэхэр

Мэламу - бутень розовый
Мэлтхьэрыкъуэф - девясил
Мэлудищабэ - овсяница
МэлхьэпІатІэджжи - клещевина
Мэлыхъуэсабыи - василистник

● Жыбэгъуэхэр

Хабзэжь хэкужь ущигъэгъуащэркъым

♦Уэзджэр къокІуэ, уэзмыджэр къожэ.

♦Уэзрыщымыта хъугъуафІэщІи, уэзрыщыта хъугъэгъуейщ.

♦УэзыгъэтІыс уиубыжмэ, уджэла пэлъытэщ.

♦Уэзыгъэхуабэр уи жьэгущ, укъэзыхъумэр анэгущ.

♦Уэзымыщэчыну къудамэм узыІэпешэ.

♦Уэзыуб уигъэтІысыркъым.

♦УкІытэр насыпым и щыгъхущІ, нэмысым и къуэпщ.

♦УпщІэ щІэщхъуркъым, даІуэ ящІащэркъым.

♦Уи делагъэр къагурыІуэмэ, уделэну тыншщ.

♦Уи жьэ жиІэ унагъуэм къини, уи Іэ хуэщІэ гъунэгъум егъэлъагъу.

♦Уи лъэкІ нэхърэ уи гугъэ нэхъыбэмэ, уи щІэгурыгъэ зэриудынщ.

♦Уи щэху зыщІэм уегъэпщыІ.

♦Фадэ зи нэрыгъ и жып гъуанэщ.

♦Фадафэ здашэ щІэупщІэркъым.

♦Фыгъуэ щыкуэдым фІыгъуэ щокІуэд.

♦Фыгъуэнэдрэ нэпсейрэ зэтІоуэхъуэныкъуэщ.

♦ФІы хьымылъагъуэмэ, гъащІэр хэплъэгъуэщ.

♦ФІыгъуэр щыкуэдым фыгъуэри щынэхъыбэжщ.

♦Хабзэжь хэкужь ущигъэгъуащэркъым.

♦Хабзэм уемызэгъмэ, бий укъуещІ.

♦Хабзэмыщ Іэ къэмыхъуу хабзэжь кІуэдыжыркъым.

♦Хамэ хэку щытхъэ и хэку щылІэжькъым.

♦Хамэхьэ гъабани, унэхьэ гъэпІащ.

♦ХамэщІ гъэмахуэ нэхърэ хэкужь щЫмахуэ.

♦ХамэщІ щы хьэхущ.

♦ХамэщІ щы лъэхъури хэкужь щІобзг.

♦Хасэм зыхамыгъэхьэр унэм щосэхъу.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Хъужьу

Бахъсэн районым хьихьэ Зенкъуэ къуажэм и пощтэхьэ Мэршэнкъуэ Шэймэт Илъэсыщ1эмкІэ дохъуэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ Шэймэт! Уи гур зэІухарэ гуапэу, жьыми щІэми пщІэ кьыпхуащІу узыпэрыт Іэнэр илъэс куэд хъуауэ ибокьэкІри, фЫщІэ лей пхуэфащэщ. Дызыхьхьа Илъэсыщ1эм фЫрыгъэ кьыпхудэкІуэну, уи унагъуэм, уи бынхэм, абыхэм я щІэбІэм уи гур дыхэхьуэу гъащІэ дахэ кьэбгъэщІэну, куэдрэ утхуэпэжкъну ди гуапэщи, уи хьэпсапІэр Тхьэм кьыпхуэзэпищэ.

ШУРДЫМ Хьэсэн.

Къуэдзокъуэ Залым цІыкІу Илъэсыщ1эм насыпышэу кьыхуэ дэкІэну дохъуэхъу. И адэ-анэр куэдрэ зыгъэгуфІэн адыгэ эл1 нэс Тхьэм ищІ.

ГушыІэ–псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3.** Колхоз лэгъупэжьым Іэщ1эшьхьа мэлыр абы ихьауэ трепъхьэ. Уэ улІщ мэлыхъуэм зи гугъу ищІыр къэгъуэтыфи, КьэбгъуэпэтІэ, кьыбжьІэуІа? **5.** КьулыкъуфІ уВыну щІэнэдІ языныкъуэхэм а Іэнатіэр зыІэрагъэхьэн папщІэ щІыхьэтыншэу ят ахьшэ. **6.** Хрущев РСФСР-м кьыгуигъэкІыу, и унагъуэ хадэ кьыпич ку зэдэ, кьыгуилъэфу Украинэм тыгъэ хуищІа щІыналъэ тельыдкІэ, СССР-м и гъэмахуэ курорт нэхъыфІ дыдэу щытА. **7.** Ахьшэ, мылъку хуэныкьуэу жаІэу тхьэусыхэр куэдщ. Ауэ абы хуэныкьуэу зыми жиІэркъым, апхуэдэ цІыхур куэдыкІейми. **10.** УкІытэ зыхэлъыр мащІэу кьыщІэхуамэ, и нэгур апху эдэу мжъу, ауэ зи напэм кьэжкал тебзам ейм зы мэскъалкІи зихьуэжыркъым. **12.** Пщынй фЫыуэ пльагъурэ пшхыну уигу кьиХьамэ, кьэпщэхуну бззэрым темыльпкІэ хъунщ. Абы щыгъуэм сыт кьыпхуэнэжыр? Мэзым уКІуэу ар кьызыпыкІэ жьыгыр (сыт абы зэреджэр?) кьэбгъуэтым хуейуэ арщ. **14.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ анэжьильхуэ нэхърэ нЫжькъэгъуфІуиІэныр Іэрэкъ нэхъ щхьэпэщ. **15.** Ар вы бжьакъуэм и гъэранкІэ кьэхъункІэ мэхъу. **17.** Щынэ, уКІытэ жьыкъэпІэр имыщІэу, унэм кьыщІолъатэри, ди щЫмахуэ щыгъын хуабэхэр ныкъуэ эшх тІещІ. **18.** ТауРыхъхэм дызэрыщрихьэлІэм тепщІыхьмэ, узижагъэну цІыхубз хьилэшыщ. Ауэ а жьыхуэтІэм нэхърэ нэхъ хьилэшыжу кьыщІэкІащ абы ебзэджэкІыфа Шыкъэмций. **19.** Зауэ нэужьым а хьеуан тхьэмыщкІэм и фэм ирахар сыт хуэдиз, шы яхуримыкъурэ трактор щымыІэмрэ я кІаЛэн игъэзащІэу. **20.** Адэ тхьэмыщкІэр гу быдэу яБжри, дэм хуагъадэ, анэр зы-гъмадзэр аращ. **23.** Укъэсымэджамэ, ар кьэпщэхуу зыбгъэхьэжьын хуейуэ пхуатх дохутыхрэм. Ауэ и уасэр зыхуэдизыр кьэпщІа нэужь, уи узыр узитІ пхуохьу. **24.** И фэкІэ фЫщІэрэ-фЫщІэу, зи щыгъыр зыФІэдыгъэ кьуалэбэу. **29.** Язынькъуэхэм я псэм хуэдэу ялъагъу фадэжкІ. Ар яІэмэ, ади, ани, быни хуэмеижыр гъунэжщ. **30.** Фыгъуэмрэ берычэтымрэ щимыгъэщІэну жеІэри цІыхуэм Іэ зыхухрегъэІэт, апхуэдизу зыхуэщІэжьу тхьапІэр кьыІэрыхьа зэпхуэ, щыгъупщхэ мэхъури, жиІауэ зыиИр хьэршым хокІуэдэж. **34.** «Ярысей къуэшхуэ зыІыгъым сыт жиІэми хуищІэну хьэзырщ. И хьэр псафэ хуищэнуц, апхуэдэ унафэщІ щымыІэу щиІуэжу, щытхъупсыр кьриГъэжхьнущ, уеблэмэ дыгъэр кьиІэзэрепсыр абы и фЫщІэу жиІэфынущ. **8.** Пщыхьэр щытрахуи апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ зи пщэ дэлъаХэри абы дэкІу эдат, ауэ иужь ильэсхэм кьэунэхужауэ хьуащ щыІэщ, кьулькьу ин зыІыгъым, мылъку зи куэдым хуэлІыщІэу. **9.** Жыг тхьэмыщкІэ: псэуну лІэ щхьэмІэщу. **16.** А бадзэжьыр щыхэмэ я былымымрэ зыкІэ яльагъу хъуркъым, я щхьэр щІрагъэхьэри, яльэкІамэ, дуней нэхум трахужьнт **21.** КьэкІыгъэ: ерыскьыпхъэ зыгъэхьэзыхьэзырхэм пшхы хьууэ жьлэ фЫщІэ щІыкІу кьыхах, ар акъылыр зэйІызыгъэхьэ Іэфиянри еІуащІэхэм кьызыхахьыр аращ. **22.** Кьуиф1ыкІу кьигъапІэу, игъэщІнэу нарт хэкур зригъэбгына домбеижьхэм зэреджэр. **25.** АпхуэдизкІэ и щхьэм жьы щІызопщэри, зыгуэр ищІэн и пэ гупсыс эрыкъым. **26.** Совет Союзым и зэманым щІІа тхьылымпІэ ахьшэ. Шыхуищ рестораным укъыщІигъэсынут. Нобэ и щІыбэ апхуэдэ ахьшэ, ауэ, ресторан къэгъэнауэ, псы птулькІэ кьыщІэкІынукъым. **27.** ХуабапІэхэм хьэлъэзэехьэу кьыщагъэсэбэп псэущхьэшхуэ. Ди Налшык зоопаркми итщ апхуэдэ. ЗыхуэзэщІэпшамэ е эзгуэбгъэпамэ, кьотІэтІэхьыу кьоубжьыгъхьнкІэ тІэу епльынуклъым. **28.** Кьэрал Іэнатіэ Іутхэм, лэжьэну зи жагъуэхэм, кьахуэмыгъэсу зыпэплъэ махуитІым языхэз. **30.** ЩыІэщ цІыху, пэпсейрэ-пэпсейуэ, бгъэлЫбжьакІэ ... ткІуэпс кьыщІэмыкІыну. **31.** Фызым щІымахуэм унэм кьыщІихуа лЫр тхьэусыхэу зэхэзыха г уэрым «Уэрей, уэ слъагъур у... х уабэ си гуГъэм» кьыхкрІаІи, жэуапу иритыжаращ: «Нэхъ хуабэжу сиІэ уфІэщІыркъэ...» **32.** Губзыгъагъэ кьыхахьи, я щІэныгъэм, я кьэхуэным хагъэхьуэн хьисэпкІэ нэхъапэм яхуэзэрымыгъэгъуэту кьащэхуу щытамэ, иджы кьыщІэнэжауэ тыкъэнхэм щІэпщ. **33.** Щыхубзэхэм зыкІэралъхьэ хьэпшып цІыкІу: кьамылэжьауэ, кьыздикІыр ямыщІэу мылъкум лъакъуащхьэкІэ хэтхэм зэрахьэр налмэсым кьыхэщІыкІащ, хуэмыщІахэм яІэр гуущІэжкІ нэхъ пудхэм ящыщ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

● Фи лъэІукІэ

Насыпыр Іыхьэ мыгуэшщ

Уэрэд

Жэщым си мазэурэ, махуэм си дыгъэурэ,
Гъащ1эм щызнІэр уэращ.
Си гум унмыкІыурэ, си щІыхь хэмыкІыурэ
Си гум насыпыр уэращ.

Ежьу: **Насыпыр - дахагъэщ, насыпыр - гуапагъэщ,**
Насыпыр ар ямыгуэш.
Насыпыр - дахагъэщ, насыпыр - гуапагъэщ,
Насыпыр Іыхьэ мыгуэшщ.

Жыг лъабжьэ кьуэпсурэ уи лъагъуныгъэмэ,
Мы си гур зэщІнубыдащ.
СыпІупльэхункІэ, сэ гъатхэу сыгъагъэурэ,
Сэ си насыпыр уэращ.

Ежьу

Гъатхэри кьоблагъэ, дунейри мэгъагъэ,
Си гур нопабгъэ уи деж.
Зэманыр кьоблагъэ, дэгъунэм неблагъэ,
Насыпыр дэ тІум дыдеищ.

Ежьу

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪЭКІЫМЫХЬУ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкІыгъэмэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэсакъэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлажьэныбжьэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхаХэм иэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хитныныгъэр хьэмэныкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ1ап1эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-р къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Жылаз Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.),* Іхьэтіыкі Юрэ *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэлажьэныгъэу* Мыр-зэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дол Маринэ, Мэлбахьэу Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Гъэтіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн гуэрыгъэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рш.

Индексыр 51531© Тираж 4.922© Заказ №36